

## DEKLARASYON ENFÒMASYON SOU VAKSEN

# Premye Vaksen Timoun ou an: Sa Ou Dwe Konnen

Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Genyen plizyè deklarasyon enfòmasyon sou vaksen an ki disponib nan lang Kreyòl Ayisyen ak lòt lang yo. Konsilte [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Gen anpil chans pou yo bay vaksen ki nan deklarasyon sa a nan menm moman pandan timoun ou an piti ak lè li gen ti laj yo. Gen Deklarasyon Enfòmasyon sou Vaksen apa pou lòt vaksen yo rekòmande tou sou baz regilye pou jèn timoun yo (lawoujòl, malmouton, ribeyòl, varisèl, wotaviris, grip, ak epatit A).

## Pitit ou an ap pran vaksen sa yo jodia:

DTaP       Hib       Epatit B       Polyo       PCV13

(Founisè: Tcheke kazyè ki apwopriye yo.)

## 1. Poukisa pou m pran vaksen?

Vaksen yo kapab anpeche ou pran maladi. Li enpòtan pou pran vaksen nan ti laj piti yo paske sa ap ede ranfòse sistèm iminitè an avan menm yo gen kontak ak maladi ki kapab touye yo.

### Difteri, tetanòs, ak koklich (Diphtheria, tetanus, and pertussis, DTaP)

- **DIFTERI (D)** kapab bay difikilte pou respire, ensifzans kadyak, paralizi, oswa lanmò.
- **TETANÒS (T)** lakòz misk yo rèd ak doule. Tetanòs kapab bay gwo pwoblèm sante, tankou pa kapab louvri bouch, pwoblèm pou vale ak respire, oswa mouri.
- **KOKLICH (aP)** yo konnen tou sou non “kolich,” kapab lakòz gwo tous vyolan epi ki pa kapab kontwòle ki rann li difisil pou respire, manje, oswa bwè. Koklich lan kapab grav anpil sitou sitou lakay tibebe ak jèn timoun yo, ki lakòz nemoni, kriz epileptik, domaj serebral, oswa lanmò. Lakay adolesan ak granmoun yo, li kapab lakòz yo pèdi pwa (megri), pèdi kontwòl pipi yo (pipi dri), endispoze, epi gen zo kòt ki fratire akòz touse twòp.

### Maladi Hib (*Haemophilus influenzae* tip b)

*Haemophilus influenzae* tip b an kapab lakòz plizyè enfeksyon. Jeneralman enfeksyon sa yo aji sou timoun ki genyen mwen pase senk (5) lane men li kapab aji sou granmoun tou ki genyen kèk maldi medikal. Bakteri Hib lan kapab lakòz maladi lejè, tankou enfeksyon nan zòrèy oswa bwonchit, oswa yo kapab lakòz gwo maladi, tankou enfeksyon nan san. Gwo enfeksyon Hib, yo rele tou “maladi Hib enfilte,” mande pou ale lopital pou resevwa tretman, epi ki ka lakòz lanmò pafwa.

### Epatit B (Hepatitis B)

**Epatit B** se yon maladi nan fwa ki kapab bay maladi ki pa grav men k ap dire kèk semèn, oswa ki ka vin grav, k ap dire pandan tout lavi. Enfeksyon grav Epatit B se yon maladi akoutèm ki kapab bay lafyèv, fè w fatige, fè w pèdi apeti, ba ou tèt vire, vomisman, lajònis (po oswa je ki jòn, pipi fonsè, tata ki gen koulè gri), ak doule nan misk, nan jwenti, ak nan lestomak. Enfeksyon kwonik epatit B se yon maladi alontèm ki parèt lè viris Epatit B an rete nan kò yon moun. Majorite moun ki devlope epatit B kwonik pa gen sentòm, men yo toujou rete grav anpil, epi li kapab bay pwoblèm nan fwa (siwoz), kansè nan fwa epi menm lakòz lanmò.

### Polyo

**Polyo** (oswa polyomyelit) se yon maladi ki bay andikap epi ki menase lavi se viris polyo ki bay li, ki ka enfekte mwal epinyè yon moun, ki rann moun lan gen yon paralizi. Majorite moun ki genyen viris polyo a pa gen okenn sentòm, epi pifò geri san yo pa genyen konplikasyon. Kèk moun pral gen gòj fè mal, lafyèv, fatig, vètij, maltèt, oswa doule nan lestomak. Yon ti gwoup moun pral devlope sentòm ki plis grav: paralizi (sansasyon pikòtman epi santi tankou se zegwi k ap pike ou nan janm), menenjit (enfeksyon nan anvlop mwèl epinyè a epi/oswa sèvo a), oswa paralizi (pa kapab bouje kèk pati nan kò a) oswa santi feblès nan bra yo, janm yo, oswa nan toude. Lè ou vin paralize an sa kapab fè tounen yon andikap pèmanan epi menm touye.



U.S. Department of  
Health and Human Services  
Centers for Disease  
Control and Prevention

## Maladi Nemokosik

**Maladi Nemokosik** fè referans ak tout maladi bakteri nemokosik lan lakòz Bakteri sa yo kapab bay plizyè maladi, tankou nemoni, ki se yon enfeksyon nan poumon yo. Apa nemoni, bateri nemokosik lan kapab lakòz enfeksyon nan zòrèy tou, enfeksyon sinizit, menenjit (se yon enfeksyon likid ki nan sèvo ak mwèl epinyè a), ak Bakteryòz (enfeksyon nan san). Majorite enfeksyon nemokosik yo pa grav. Sepandan, kèk ladan yo kapab bay pwoblèm alontèm, tankou domaj nan sèvo oswa pèt odisyon. Menenjit, bakteryòz, ak nemoni maladi nemokosik lakòz yo kapab touye ou.

---

## 2. Vaksen konbine DTaP, Hib, epatit B, polyo, ak nemokosik

---

**Tibebe ki fenk fèt ak timoun yo** jeneralman bezwen:

- 5 dòz difteri, tetanòs, ak vaksen kont koklich anti selilè (diphtheria, tetanus, and acellular pertussis, DTaP)
- 3 oswa 4 dòz Vaksen kont Hib
- 3 dòz vaksen epatit B (Hepatitis B)
- 4 dòz vaksen kont polyo
- 4 dòz vaksen kont Nemokosik ki melanje (pneumococcal conjugate vaccine, PCV13)

Gen kèk timoun ki ka bezwen mwens oswa plis kantite dòz pase sa yo dwe pran nan kèk vaksen pou yo kapab gen bonjan pwoteksyon poutèt laj yo pandan vaksinasyon an oswa lòt sikonstans.

**Lòt timoun, adolesan, ak granmoun** ki gen kèk pwoblèm sante oswa lòt faktè risk yo ka rekòmande yo tou pou yo pran 1 oswa plizyè dòz nan vaksen sa yo.

Yo ka bay vaksen yo kòm yon vaksen apa pou kont li, oswa nan kad yon vaksen konbine (yon kalite vaksen ki konbine plis pase yon vaksen ansanm nan yon sèl piki).

---

## 3. Pale ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an

---

Di founisè vaksinasyon ou an si timoun lan ap pran vaksen an:

### Pou tout vaksen sa yo:

- Li te gen yon **reyaksyon alèjik aprè yon ansyen dòz vaksen**, oswa li genyen nenpòt **alèji ki grav, ki kapab bay lanmò**

### Pou DTaP:

- Li te gen yon **reyaksyon alèjik aprè yon ansyen dòz nenpòt vaksen ki pwoteje kont tetanòs, difteri oswa koklich**
- Li te tonbe nan yon koma, nivo konesans li diminye, oswa kriz pwolonje nan espas sèt (7) days aprè yon ansyen dòz tout vaksen koklich (DTP oswa DTaP)
- Pran kriz oswa genyen lòt pwoblèm nan sistèm nève
- Li te gen **Sendwòm Guillain-Barré** deja (yo rele li "GBS" tou)
- Li te gen yon **gwo doule oswa ap anfle aprè yon ansyen dòz nenpòt vaksen k ap pwoteje kont tetanòs oswa difteri**

### Pou PCV13:

- Li te gen yon **reyaksyon alèjik aprè yon ansyen dòz PCV13, ak yon vaksen kont Nemokosik Miks ki rele PCV7, oswa ak tout vaksen ki genyen anatoksin difteri** (pa egzanp, DTaP)

Nan kèk ka, pwofesyonèl swen sante timoun ou an kapab decide pou ranvwaye seyans vaksinasyon an pou yon lòt vizit.

Timoun ki genyen maladi lejè yo, tankou yon rim, kapab pran vaksen. Timoun ki pa twò malad oswa malad anpil yo jeneralman dwe rete tann jiskaske yo geri avan pou yo pran vaksen.

Pwofesyonèl swen sante timoun ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.

---

## 4. Risk reyaksyon ak yon vaksen

---

### Pou tout vaksen sa yo:

- Doulè, demanjezon, anflamasyon, sansasyon chalè, doulè, oswa kote ou pran vaksen ka sansib ka rive aprè seyans vaksinasyon an.

### Pou vaksen kont vaksen DTaP, vaksen kont Hib, vaksen kont epatit B, ak PCV13:

- Ou kapab gen lafyèv aprè seyans vaksinasyon an.

### Pou vaksen kont DTaP:

- Reyaksyon nan emosyon, santi fatig, pèdi apeti, ak vomisman pafwa sa ka rive aprè seyans vaksinasyon DTaP an.
- Genyen reyaksyon ki plis grav, tankou kriz, kriye san rete pandan twazèdtan (3) oswa plis, oswa genyen gwo fyèv (plis pase 105°F) sa pa rive souvan aprè yon vaksinasyon DTaP. Raman, aprè vaksinasyon an tout bra oswa janm lan anfle, sitou lakay timoun ki pi gran yo nan moman y ap resevwa katriyèm oswa senkyèm dòz yo an.

### Pou PCV13:

- Pèdi apeti, reyaksyon nan emosyon (fache), santi fatig, maltèt, ak frison kapab rive aprè seyans vaksinasyon PCV13 an.
- Timoun ki pi piti yo kapab genyen gwo risk pou gen kriz lafyèv aprè yo fin bay yo PCV13 si yo ba li nan menm moman ak vaksen kont Grip Dezaktive (Inaktif) an yo bay yo li. Mande pwofesyonèl swen sante ou an. plis enfòmasyon.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon risk ki fèb anpil pou yon vaksen lakòz gwo reyaksyon alèjik, lòt blesi ki grav, oswa lanmò.

---

## 5. Kisa k ap pase si genyen yon pwoblèm ki grav?

---

Yon reyaksyon alèjik kapab parèt aprè moun ki vaksinen an kite lopital lan. Si w konstate yon reyaksyon alèjik ki grav (itikè, figi ak gòj ki anfle, gen difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, oswa feblès), rele 9-1-1 epi ale ak moun lan nan lopital ki prè a.

Pou lòt siy ki ba ou kèk enkyetid, rele pwofesyonèl swen sante ou an.

Ou ta dwe deklare reyaksyon efè negatif yo nan Sistèm Notifikasyon Efè Negatif Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS).

Pwofesyonèl swen sante ou an jeneralman pral depoze rapò sa a, oswa ou kapab fè sa a pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS lan sou [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov) oswa rele nan 1-800-822-7967. VAERS sèlman la pou siyale reyaksyon yo, epi manm ekip VAERS yo pa bay konsèy medikal.

---

## 6. Pwogram Nasyonal Konpansasyon Viktim Vaksen yo (The National Vaccine Injury Compensation Program)

---

Pwogram Nasyonal Konpansasyon Viktim Vaksen yo (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo kreye pou bay moun kèk vaksen ba yo pwoblèm yon rekonpans. Gen yon kantite tan pou fè depo reklamasyon konsènan blesi oswa lanmò vaksen an lakòz, ou kapab soumèt nan yon delè de (2) lane. Vizite sitwèb VICP lan sou [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation) oswa rele nan 1-800-338-2382 pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan epi konsènan fason pou depoze yon reklamasyon.

---

## 7. Kijan pou mwen jwenn plis enfòmasyon?

---

- Mande pwofesyonèl swen sante ou an.
- Rele depatman sante ki nan rejyon ou an oswa eta ou an.
- Vizite sitwèb Administrasyon Medikaman ak Alimantasyon (Food and Drug Administration, FDA) pou fich vaksinasyon ak lòt enfòmasyon sou [www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines](http://www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines).
- Kontakte Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention (CDC):
  - Rele nan 1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO) oswa
  - Vizite sitwèb CDC sou [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines).

This Multi Pediatric Vaccines VIS Haitian Creole translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health, Immunization Program

Deklarasyon Enfòmasyon sou Vaksen  
Plizyè Vaksen Pedyatrik

42 U.S.C. § 300aa-26  
15/10/2021

POU UTILIZE  
NAN BIWO  
SÈLMAN

